


RETOU LEKÒL

Lis pou Nou Tcheke



ENSKRIPSYON

Nou ankouraje fanmi yo pou yo enskri ptit yo bonè pou evite pèdi tan. PREMYE jou lekòl la se 19 out 2019.



ENFÒMASYON SOU KONTAK

Mete enfòmasyon sou kontak ijans pou ptit ou a ajou nan direksyon lekòl la.

APLIKASYON MOBIL DADESCHOOLS

Ou dwe genyen li! Anplis pataje notifikasyon sou ijans, li tou prezante enfòmasyon sou orè klas, wout otobis, nòt elèv, e plis toujou. Telechaje aplikasyon mobil la GRATIS atravè 'App store' la oubyen sou 'Google Play'.

VAKSEN

Asire w ptit ou pran tout vaksen li dwe pran. Pou plis enfòmasyon sou vaksen gratis oubyen nan pri redui pou ptit ou n ap bay 17 out la, vizite dadeschools.net

PLASMAN NAN OTOBIS

Chèche konnen enfòmasyon sou wout otobis yo alavans. Si ou abite anviwon de (2) 'miles' (apeprè 3 kilomèt) pa rapò ak lekòl ptit ou a, li elijib pou sèvis otobis.

ZÒN LEKÒL

Ralanti, montre w vijilan e kanpe pou otobis yo. Obsève limit vitès '15 mph' la.

MANJE

M-DCPS ofri yon dejne gratis, nourisan pou tout elèv. Repa midi a disponib pou mwens pase \$3. Peye davans pou repa midi sou Entènèt nan www.PayPams.com.

SWEN APRÈ LEKÒL

M-DCPS ofri 325 pwogram swen aprè lekòl. Kontakte lekòl ptit ou a pou plis enfòmasyon.

PATISIPASYON PARAN

Fè konesans avèk pwofesè ptit ou a nan kòmansman ane lekòl la. Konsidere pou w ta antre nan PTA oubyen fè volontè nan lekòl ptit ou a.

SEKIRITE AVAN TOUT BAGAY

Prevansyon! Prevansyon! Prevansyon! Ankouraje ptit ou pou yo di yon bagay si yo wè yon bagay yo sisplèk. Yo ka rapòte sa yo wè yon fason anonim nan 305-995-COPS (2677).



@MDCPS @MiamiSup
@EscuelasMDCPS



@MiamiSchools @AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools @MiamiSup